

Depistaj ak Sèvis pou Bezwèn Sosyal ki Gen rapò ak Sante (HRSN)

MANYÈL MANM OU A CHANJE, LI VIN GEN PLIS SÈVIS

Apati **1ye janvye 2025**, ou ka konekte ak òganizasyon ki nan kominote w la ki bay sèvis pou ede w avèk lojman, transpò, ak jesyon swen gratis pou ou atravè yon Rezo pou Swen Sosyal (SCN) nan rejon an.

- Atravè SCN sa a, ou ka rankontre ak yon Kowòdonatè Swen Sosyal ki ka verifye kalifikasyon w pou sèvis ki ka ede w ak sante w ak byennèt ou. Yo pral poze w kèk kesyon pou wè ki kote ou ta ka bezwen kèk sipò siplemantè.
- Si w kalifye pou sèvis yo, Kowòdonatè Swen Sosyal la ka travay avèk ou pou jwenn sipò ou bezwen an. Ou ka kalifye pou plis pase yon sèvis, selon sitiayson w. Sèvis sa yo ka enkli:
 - Sipò pou lojman ak sèvis publik:
 - Enstale modifikasyon lakay ou tankou ranp, balistrad, ak ba pou fè kay ou aksesib epi an sekirite.
 - Repare epi ranje fwit dlo pou anpeche mwazi grandi nan kay ou a.
 - Bouche twou ak fant pou anpeche ensèk nuizib antre lakay ou.
 - Bay yon èkondisyone, aparèy chofaj, imidite, oswa dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon lakay ou a.
 - Ede w jwenn epi aplike pou lojman ki an bonneta epi ki estab nan kominote a.
 - Sèvis transpò:
 - Ede w pou w jwenn aksè nan transpò publik oswa prive kote SCN apwouve tankou: ale nan yon entèvyou travay, klas pou paran, tribunal lojman pou anpeche degèpisman, ak biwo depatman vil oswa leta pou jwenn dokiman enpòtan.
 - Sèvis jesyon swen:
 - Jwenn èd pou jwenn yon travay oswa pwogram fòmasyon travay, aplike pou benefis publik, jere finans ou, ak plis ankò.
 - Konekte ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon kriz, pwogram kay sante, ak plis ankò.

Aetna Better Health® of New York

101 Park Avenue, 15th Floor

New York, New York 10178



Si w enterese, tanpri rele sèvis manm lan nan 855-456-9126 pou sèvis TTY/TDD yo, rele NY Relay 711 epi n ap konekte w ak yon SCN nan zòn ou an. Kowòdonatè Swen Sosyal la ap verifye kalifikasyon w, l ap ba w plis enfòmasyon sou sèvis sa yo, epi l ap ede w konekte ak yo.

AetnaBetterHealth.com/NewYork

NY-24-10-16_SCNI_HT